# Mizajou Evalyasyon DESE

Direktè Jeneral Doktè Brenda Cassellius

# Kalandriye pou MOU/Covid-19 2020

**Otòn 2019**

- DESE te fè premye evalyasyon distri

**13 Mas 2020**

- BPS antre nan MOU ak DESE ak domèn entèvansyon espesifik yo

**17 Mas 2020**

- BPS fè tout lekòl yo pase nan aprantisaj adistans akoz pandemi an

**Mas 2020 - Jwen 2021**

- BPS fè fas a COVID-19 epi aplike aprantisaj adistans/ ibrid:
  - **Manje:** Yo bay elèv yo ak fanmi yo plis pase 7 milyon repa
  - **Teknoloji:**
    - Remèt dirèkteman  20,000 laptòp Chromebooks, 7000 pwen aksè entènèt, 1000 koupon Comcast.
    - 6000 nouvo laptòp pwofesè, kamera videyo nan chak klas, 40,000 laptop Chromebook anplis pou aprantisaj ibrid
  - **Sipò pedagojik:**
    - Atant klè pou sipò pedagojik, Devlopman Pwofesyonèl aprantisaj ibrid pou tout pwofesè, plan leson nan nivo klas ak matyè.
    - Sipò aprantisaj ki baze sou Cloud ki genyen ladan Lexia, ST Math, Nearpod ak Imagine Learning
  - **Sipò pou sante ak sekirite:** Envestisman nan enfrastrikti lekòl, filtè lè

# Domèn priyorite MOU 2020 an

## Inisyativ priyorite BPS:

- Ansèyman ak aprantisaj nan Lekòl Ki Transfòme
- Aksè ekitab nan sipò pou elèv atravè MassCore ak yon rediksyon nan absans ki repete
- Sipòte elèv ki gen andikap yo nan ogmante kantite elèv nan anviwònman ki akeyi tout elèv epi redwi plasman inegal elèv ki pa blan yo nan pwogram ki separe anpil yo.
- Amelyore sistèm transpò elèv
- **Amelyore** sèvis entèpretasyon ak tradiksyon epi devlope ak lanse yon plan pou amelyore sipò pou Elèv k ap aprann Anglè yo

## Inisyativ priyorite DESE:

- Ansèyman ak aprantisaj:Prepare yon gwoup 15 lekòl BPS pou antre nan Kaleidoscope Collective for Learning DESE a.
- Aksè ekitab nan sipò pou elèv lè yo fè patenarya pou lekòl ki pa gen patnè solid yo
- Divèsite ak efikasite edikatè: Ede BPS rekrite ak kenbe yon mendèv edikatè divès ak efikas
- Enstalasyon yo: Ede ak amelyore enstalasyon esansyèl tankou twalèt elèv yo
- Devlope yon modèl otonòm pou lekòl BPS yo.

# Repons ak Inisyativ Estratejik

## Garanti Kalite

1. **Akademik:** Meyè kalite kourikoulòm, ansèyman ak karyè ki adapte ak ras ak kilti
2. **Devlopman:** Aksè nan atizay, espò, komite elèv, ak kote ki an sekirite pou ale anvan ak apre lekòl
3. **Enstalasyon:** Bilding modèn ki gen aksè a laboratwa syans, teknoloji, bibliyotèk, jimnazyòm, ak espas pou pèfòmans, pou sipò ak espas vèt.
4. **Sipò pou Elèv ak Fanmi:** Resous pou fanmi yo, yon fason pou elèv, fanmi ak kominote nou yo ka pwospere

## Devlopman Apwòch ki Santre sou Ekite

- Retire baryè enjis yo epi chanje apwòch pou prezans ak redouble klas,
- Nòm gradyasyon pou kolèj ak pwofesyonèl MassCore ,
- Admisyon nan lekòl ki fè konkou yo,
- So ki sètifye ou pale de lang byen
- Regleman sou enfòmasyon prive ak pataje done elèv yo
- Mete ajou kòd konduit la,
- Nouvo pratik koreksyonsyon
- Pratik responsablite pou anplwaye yon mendèv divèsifye.

# Prèv Enpak Estrateji yo

- **BPS depase mojorite lòt distri ki nan vil atravè Commonwealth la**
- **BPS depase byen lwen lòt distri parèy li yo nan NAEP**
- **Gen prèv ki montre siksè devlopman ak aplikasyon pratik alfabetizasyon ki ann amoni avèk Syans Lekti ak Gid Alfabetizasyon Mass.**
  - Materyèl kourikoulòm bon kalite ki koresponn a nòm epi ki fè pwomosyon kilti
  - Bonjan fonetik nivo 1 klas K-2 ak nivo 2 ak 3 atravè K-12
  - Travay chak jou ak tèks konplèks, ki pèmèt, ak koresponn a kilti e ki enpòtan ki gen ladan lekti, ekriti ak pale nan materyèl nivo klas yo nan chak klas.
  - Konesans entansyonèl ak devlopman lang nan tout disiplin akademik yo
  - Devlopman pwofesyonèl ak fòmasyon ki baze sou travay
  - Envestisman nan resous nivo 2 ak nivo 3 yo

# Rezon pou Evalyasyon 2022 a

## Komisyonè MA DESE te bay de rezon pou 2yèm evalysyon BPS la:

1. BESE te mande Komisyonè a yon mizajou sou estati BPS ak pwogrè distri a te fè dapre MOU an. Komisyonè a te santi li te bezwen yon evalyasyon pou sipòte preparasyon ak analiz ekip li a pou mizajou sa a.

1. Evalyasyon an ta ka bay yon plan k ap itil pou yon Direktè jeneral k ap vini.

# Objè Evalyasyon an

## Evalyasyon pwogrè nan sis nòm:

1. Lidèchip ak Gouvènans
2. Kourikoulòm ak Enstriksyon
3. Sipò pou Elèv
4. Done ak Evalyasyon
5. Resous Imèn ak Devlopman Pwofesyonèl
6. Gesyon Finans ak Byen

DESE te soumèt yon seri Kesyon sib selon nòm pou ede konsantre evalyasyon an, ou ka jwenn li la **here**.

# Rezilta pozitif

**Lidèchip ak Gouvènans:**

- Plan Estratejik Distri a
- Avansman priyorite ansèyman yo, itilizasyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal distri a, ak plis aksè pou fanmi yo ak manm kominote yo..

**Kourikoulòm ak Enstriksyon:**

- Envestisman enpòtan pou ranfòse enstriksyon debaz
- Adopsyon MassCore

**Sipò pou Elèv:**

- Amelyore sipò ak rezilta elèv k ap aprann Anglè yo atravè angajman efikas pati konsène ak envestisman nan devlopman pwofesyonèl, pèsonèl, ak enfrastrikti.

**Resous Imèn ak Devlopman Pwofesyonèl:**

- Bonjan oryantasyon, rekritman, ak pwogram retansyon pou ogmante divèsite mendèv edikatè ak dirijan lekòl yo.
- Bon Chwa òf devlopman pwofesyonèl ki ann amoni ak Alfabetizasyon Ekitab distri a

**Evalyasyon:**

- Sèvi ak sistèm evalyasyon ki ekilibre
- Bonjan fòmasyon rechèch done

**Jesyon Lajan ak Byen:**

- Itilize pi byen toujou fon kapital vil la, sibvansyon, ak lòt fon inik pou sipòte bezwen lekòl ak elèv yo sible yo
- Kad "Garanti Kalite".
- Pwosesis ak Angajman pou fon ESSER yo

# Domèn yo Idantifye pou Amelyorasyon yo

## Lidèchip ak Gouvènans:

- Edikasyon espesyal ak transpò
- Lekòl ki Transfòme yo
- Enstabilite lidèchip nan nivo komite lekòl, Direktè jeneral, ak depatman
- Sistèm nan tout distri a pou swiv plan estratejik

## Kourikoulòm ak Enstriksyon:

- Varyasyon nan aplikasyon nan nivo lekòl epi manke sistèm pou kontwole kalite aplikasyon
- Kalite ansèyman ak aksè ekitab nan kou avanse nan lekòl segondè
- Pratik nan klas yo t enstab nan yon nivo ki pa t bon pou tout elèv yo

## Sipò pou Elèv:

- Edikasyon espesyal nan dezòd sistemik, manke règleman ak pwosedi ki estab ak opòtinite aprantisaj ki pa estab nan anviwònman ki akeyi tout elèv pou tout SWD.
- Se pa tout elèv k ap aprann Anglè ki resevwa ansèyman ESL apwopriye: pa gen yon kourikoulòm ESL konplè oswa yon atant ansèyman klè, pa gen okenn sistèm pou sipòte ak kontwole kalite ansèyman EL nan nivo lekòl la.
- Chwa lekòl ak sistèm plasman pa bay tout elèv aksè egal nan bon jan kalite lekòl
- Sistèm pou jere, reponn ak rezoud plent yo pa reponn a enkyetid paran ak responsab yo.

# Domèn ki Idantifye pou Amelyorasyon

## Resous Imèn ak Devlopman Pwofesyonèl:

- Itilizasyon sistèm evalyasyon edikatè a pa reyalize objektif esansyèl li yo
- Manke mekanis pou asire tout edikatè yo resevwa bon jan kalite devlopman pwofesyonèl

## Evalyasyon:

Manke sistèm ak kontwòl entèn ki nesesè nan biwo santral la ak nan nivo lekòl la pou asire done egzat sou endikatè kle yo, ki afekte gradyasyon BPS ak pousantaj abandon yo.

## Jesyon Lajan ak Byen:

- Pousantaj otobis ki rive alè ak kote otobis pa pase rete inakseptab ak yon enpak inegal sou elèv andikape yo.
- Manke yon plan enstalasyon jeneral konplè alontèm ak yon bon plan antretyen avan/apre.

# Dokiman BPS ki Pataje ak DESE

Refleksyon ouvèti BPS pou evalye

Refleksyon apre evalyasyon BPS

Evalyasyon Preliminè DESE

Lèt Kouvèti BPS ki dekri modifikasyon yo pwopoze

Rapò Swivi Final DESE

# Ki kote nou wè rapò a yon lòt jan?

Nou dakò BPS gen  travay enpòtan pou fè. Nou dakò tou sou domèn kote amelyorasyon ki pi enpòtan an nesesè:

- Edikasyon espesyal
- Elèv k ap aprann plizyè lang
- Transpò
- Enstalasyon yo

# Pwochen Etap yo

➔ Vil Boston ak MADESE ap diskite sou pwochen etap yo epi yo pral pataje yon mizajou nan apeprè yon semèn.

# Domèn ki Idantifye pou Amelyorasyon Imedya yo

*Komisyonè Riley nan reyinyon Konsèy BESE nan dat 24 me*

| | |
|---|---|
| **Sekirite Elèv** | • Amelyore sistèm distri a pou plent paran yo<br>• Reponn alè ak enkyetid paran ak responsab yo<br>• Fè yon kontwòl sekirite endepandan |
| **Transpò** | • Amelyore pousantaj transpò ki alè yo<br>• Rezoud pwoblèm pou wout otobis pa pase yo |
| **Edikasyon Espesyal** | • Angaje lidèchip kalite siperyè pou edikasyon espesyal<br>• Amelyore règleman ak pwosedi edikasyon espesyal<br>• Diminye inegalite elèv nwa ak mawon nan pwogram ki separe anpil yo |
| **Elèv k ap aprann Anglè** | • Devlope yon sistèm pou asire tout Elèv k ap Aprann Anglè yo resevwa sèvis federal egzije pou yo<br>• Satisfè kondisyon ki nan akò siksesè Depatman Jistis Etazini an |
| **Transparans Done** | • Mete yon moun  endepandan pou kontwole done nan biwo santral BPS la<br>• Etabli yon konsèy konsiltatif done DESE nonmen |
| **Enstalasyon** | • Finalize yon plan jeneral konplè enstalasyon yo<br>• Kontinye renovasyon twalèt yo |